

Dwa Moun Ki Lwe Nan Yon Motèl, Otèl, oswa yon Chanm Kay



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Projé Sou Dwa Lokaté

Renters' Education and Advocacy Legal Lines (REAL)

<https://sites.google.com/site/reallsgmi>

www.lsgmi.org

KISA YON ABITASYON DE PASAJ YE?

Yon okipasyon de pasaj se lè se entansyon yon moun pou l okipe yon etablisman de pasaj (sètadi: otèl, motèl, kay ak chanm li lwe pou ti tan ki kout) sou baz tanporè, nòmalmman pi piti pase 30 jou.

Okipasyon an tanporè lè kote a pa sèl rezidans envite a. Pa egzanp, si ou deja genyen yon adrès pèmanan epi ou deside lwe yon chanm otèl pou yon semèn, answit yo va rete kwè ke ou se yon okipan ki de pasaj.

DWA YON OKIPAN KI DE PASAJ

Si ou se yon okipan ki de pasaj, ou gen dwa pou w rete nan espas la depi ou peye lwaye a. Dapre Dekrè Lwa Florid § 509.401, motèl oubyen otèl la ka rekipere espas la si okipan an dwe anpil lajan. Sa vle di ke yon otèl ka fèmen w deyò paske ou pa peye, san li pa bezwen ale nan tribinal, pou l ka fòse w peye. Pandan tout tan ou deyò a, otèl la dwe pèmèt ou gen aksè ak nenpòt bagay ki esansyèl pou sante ou. Yon fwa ou peye, otèl la dwe ba w aksè san restriksyon a chanm lan.

Dapre Dekrè Lwa Florid § 509.141 ak § 509.142, yon otèl ka refize okipasyon oubyen chèche leve yon okipan pou nenpòt rezon SOF pou rezon ki chita sou kesyon ras, koulè, lafwa, sèks, enkapasite fizik, oubyen orijin nasyonal. Nenpòt okipan ki rete oubyen ki tante rete nan yon etablisman de pasaj aprè yo fin mande l pou l kite l, koupab de mefè dezyèm degre.

Avi: si ou santi ou te sibi diskriminasyon, ou ka depoze yon dosye plent kont diskriminasyon nan Komisyon Florid sou Relasyon Imèn (Florida Commission on Human Relations). Rele 850-488-7082. yo dwe resevwa plent lan nan mwens pase 365 jou depi diskriminasyon an te fèt la. Pou plis enfòmasyon, ale nan http://fchr.state.fl.us/complaints_1/public_accommodations.

KISA YON OKIPASYON KI PA DE PASAJ ?

Yon okipasyon pa yon okipasyon de pasaj lè se entansyon yon moun pou l okipe yon etablisman ki pa yon etablisman pasajè (sètadi: otèl, motèl ki lwe pou tan ki long) sou baz pèmanan, nòmalmman plis pase 30 jou.

Okipasyon an pa pasajè lè se sèl espas sa ke moun nan genyen kòm rezidans. Pa egzanp, si w gen entansyon rete nan yon otèl pandan yon mwa pou pi piti epi ou pa gen okenn lòt kote pou w viv, konsa, yo konsidere w tankou yon okipan ki pa pasajè.

DWA YON OKIPAN KI PA PASAJÈ

Chapit 83, Pati II Dekrè Lwa Florid sou Pwopriyete ak Lokatè pwoteje Okipan ki pa de pasaj yo. Epi, kontrèman ak okipan ki de pasaj yo, etablisman pou okipan ki pa de pasaj la dwe klase yon dosye eviksyon ki apwopriye ak tribinal la epi genyen koz la pou li ka mete yon okipan deyò. Men gen kèk otèl ak motèl ki pa swiv lwa sa e kap trete w tankou envite e non tankou yon lokatè.

Etablisman pou okipan ki pa de pasaj paka fèmen yon okipan deyò, oubyen koupe elektrisite ak dlo sou wou. Dekrè Lwa Florid § 83.67 entèdi pratik sa yo. Men, si gen yon etablisman ki pa la pou okipan ki de pasaj fè bagay sa yo kanmenm, yon okipan ka depoze yon dosye domaj oubyen 3 fwa plis valè lwaye a, oswa kantite ki plis la ansanm ak frè avoka. Ou dwe wè ti liv “Kisa Pou W Fè Si Mèt Kay kote ou Rete a Fèmen W Deyò Oswa Koupe Kouran ak Dlo Wou” pou plis enfòmasyon.



Legal Services of Greater Miami, Inc.

Biro Prensipal

3000 Biscayne Boulevard, Swit 500

Miami, FL 33137

Telefòn-n: (305) 576-0080

TTD: (305) 573-1578

South Dade

11285 SW 211 Street, Suite 302

Miami, Florida 33189

Telefòn-n: (305) 576-0080

TTD: (305) 573-1578

Monroe County

Telefòn-n: (877) 715-7464

TTD: (877) 715-7461

Passionately Committed to Equal Justice

Se Legal Services of Greater Miami, Inc. ki prepare dokiman sa yo e dokiman sa yo pa gen dwa repwodui oswa distribye pazavan LSGMI bay yon otorizasyon a lekri.